


# QARAQALPAQ HÁM ÓZBEK DUWTARÍ

Iseeva Ayzada Konısbaevna
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti
Kórkem-óner kafedrası
saz atqarıwshılıǵı qánigeligi studenti

https://doi.org/10.5281/zenodo.10926980

ARTICLE INFO

Received: 1st April 2024
Accepted: 2nd April 2024
Published: 4th April 2024

KEYWORDS

*Alamoynaq duwtar, Qazba duwtar, Qurama duwtar, Duwtar prima, Duwtar sekunda, Duwtar bas, Duwtar kontrabas, Shashmaqam, Nota, Oktava, Kvarta.*

ABSTRACT

*Xalqımız bir neshe ásirler dawamında ájayip muzikalıq saz ásbaplarda sazlardı shertip hám atqarıp, yadında saqlap atadan balaǵa miyras etip, biziń búgingi dáwirimizge shekem jetkerdi. Hár bir namalıq saz ásbaplarda atqarıwshılıq óneri óz atamalarına iye, máselen, jıraw, qobızshı, baqsı, balamanshı, sırnayshı, girjekshi, shınqobızshı hám taǵı basqa atamalarǵa iye. Maqalada milliy muzikalıq saz ósbapları, onı shertiwshi baqsı, sázendeler hám dóretiwshi ustalar haqqında maǵlıwmatlar sóz etilgen.*

**Kirisiw:** Respublikamız Prezidenti Sh.M.Mirziyoev: "Muzika – hesh nárse menen ólshep, salıstırıp bolmaytuǵın sheksiz ilahiy tásir kúshine iye. Bir haqıyqattı hesh qashan esimizden shıǵarmawımız tiyis, mámleketimizde mádeniyat hám kórkem óner rawajlanbasa jámiyet rawajlanbaydı. Xalqımızdıń rawajlanıw dárejesi eń dáslep, milliy mádeniyatımızǵa qarap bahalanadı. Sol mánide mádeniyat – bul xalqımız, jámiyetimiz kelbeti. Bizler Ózbekstannıń jańa kelbetin jaratıwǵa kirisken ekenbiz bunı milliy mádeniyatımızdı rawajlandırıwdan baslawımız lazım",[1] – dep toqtalıp, onıń siyasiy áhmiyetin belgilep bergen edi.

Búgingi kúnde xalqımızdıń muzika kórkem ónerine, onıń milliy miyrası hám ásirler dawamında qáliplesken bay dástúrlerine bolǵan múnásibeti ózgerdi.

Atap aytqanda, belgili ulamalarımızdıń muzika haqqındaǵı shıǵarmaların úyreniw hám onı turmısqa engiziwge bolǵan qızıǵıwshılıqları kúsheydi.

Duwtar parsısha sóz bolıp "eki tar" dep awdarmalanadı. Orta Aziya, Iran hám Qubla Aziyada tarqalǵan, eki tarlı bul saz ásbabı XV ásir átiraplarında payda bolǵan. Duwtar negizi eki tarlı saz ásbabı biraq, Hirat duwtarı on tórt tarlı boladı.

Duwtar tut, erik, ǵoza aǵashlarınan soǵıladı. Duwtardıń qarnı ońǵa jaqın juqa taxtakeshtı iyip, bir-birine japıstırılıp soǵıladı. Onıń ústinen qappaq jawıladı hám tayın bolǵan qarın dástegine jalǵanadı.

Alamoynaq qazba duwtarı ádette tut, erik aǵashlarınan islenedi. Al qurama duwtar, bir qansha tilme bóleklerden quralıp, qawın formasına uqsas bolıp kelgen. Duwtardıń dawısınıń

---

[1] Ózbekstannıń jańa kelbetin jaratıwda millliy mádeniyatımızdıń ornı hám áhmiyeti Ózbekstan Respublikası SHavkat Mirziyoev basshılıǵında 2017-jıl 25-dekabr kúni mádeniyat hám kórkem óner tarawındaǵı áhmiyetli máseleler dodalanıwına baǵıshlanǵan májilisi. –T.: / «Ҳalıq sózi», 2017. 25-dekabr.

shıqqısh bolıwı onıń ústindegi qaqpağı qanshelli juqa hám bekkem bolıwına da baylanıslı. Duwtardıń kárdanı, yağnıy moynında súyekten oyılğan xalqımızdıń milliy nağısları milliyligimizdi sáwlelendiredi.[2]

Duwtardıń dástesindegi 13-14-15 perde áyyemnen qoydıń isheginen tayarlanıp oratılğan, xromatikalıq tártipte dúziledi. Duwtarğa tağılatuğın tar bul jipekten iyrilip tartılğan.

Targir yamasa tar ilgek duwtardıń eki sımın kóterip turadı. Duwtardıń dástesi jińishke uzın boladı. Basqa tarlı ásbaplarda ádetde metall perdeler bolsa, duwtarda dástesine oralğan 15 ke jaqın jipek perde boladı. Zamanagóy duwtarlardıń perdeleri ayrım gezlerde ağash yamasa súyekten soğıladı.

Duwtar dástesi súyek, sádep penen bezeledi. Duwtar tarları aldınları jipekten tayarlanatuğın bolğan. Zamanagóy duwtar tarları neylonnan islenedi.

Duwtardı hár túrli jollar menen shertıw múmkin. Jekke shertiw, birgelikte shertiw, piripirek, rez uqsağan usıllar menen de shertiledi.

Qaraqalpaq xalqınıń hár bir toy hám merekesi baqsı hám sázendelersiz ótpeydi, xalıqtıń quwanıshına-quwanısh, dártine-sherikles bolğan. Oğada kórkem jaqsı nalaları arqalı insandı ózine qaratıp, aqıl, oy hám pikirlew seziminiń qáliplesiwine birqansha tásirin tiygizetuğın, jağımlı dawıslı muzıkalıq saz ásbap bul duwtar bolıp tabıladı. Máselen: Aqımbet, Ǵáripniyaz, Arzı, Qutım, Muwsa, Edenbay, Ótep, Jumaniyaz, Esjan, Japaq, baqsılardıń atqargan «Ǵárip Ashıq», «Yusip-Axmet», «Sayatxan-Xamira», dástanlarında duwtar saz ásbabın tómendegishe táripleydi:

Urıp duwtardı sındırıp,
Jas kórdiń be uğlandı sen,
Sınsa sınsın biziń duwtar,
Sınğan duwtar isletermen.
Duwtardıń qunı qırıq qızdúr,
Qálpem kelse, sózleshermen,

Duwtar sazlarınan Nar iydirgen, Jaman shığanaq, Bozataw, Arıwxan, Sonalı keldi, Nalısh, Jeti asırım, Zarlı qız, Muwsa sen yarı, Ala qayıs, Láy-láy, Tarlan, Xoja bala, Sayqalı nalısh, Qarajorğa hám basqa da bir qansha duwtar sazları, xalıqqa sińisip barğanlığın xalqımızdıń dástan hám namaları buğan tiykar bola alatuğınlığı málim. Mine, bulardı baqsı hám sázendeler óz Alamoynaq duwtar saz ásbabında xalıq arasında atqarıp kelmekte.

Alamoynaq duwtarınıń xalıq turmısına sińisip ketkenligi sonshelli, onı hár bir qaraqalpaq shańarağında ushıratıwğa boladı. Sebebi, ata-babalarımız duwtar hár bir shańaraqta qıstırılıp turıwın jaqsılıqqa jorıydı.

Kúnxoja Ibrayım ulı jasağan dáwirlerde shayır duwtardı óziniń «Umıtpaspan» qosıq qatarlarında keltirgen:

«Sherttim duwtar, ayttım qosıq,
Kewlimde qaynap qosıq,
Tabalmadım heshbir doslıq,
Kóbeydi kóptiń dushpanı,
Baqsılarğa bayraq berdi,
Jaqsılardı jaman kórdi,
Lápgóy dep shawqım kóterdi,

[2] Allanazarov D. «Qaraqalpaq milliy alamoynaq duwtar sazendeshiligi sabaqlıqları». «Ǵafur Ǵulom», 2013. – B. 37.

Men olarǵa hesh jaqpadım.[3]

Ózbek xalqınıń milliy duwtarına toqtalıp ótetuǵın bolsaq, ol múláyim, sıńǵırlı sesi menen basqa saz ásbaplarınan ajıralıp turadı. Ol tiykarınan tut, erik aǵashlarınan islenedi. Onıń denesi 8-12 dana juqa, bir-birine izbe-iz jabıstırılǵan kishi taxta (qabırǵa)dan islenedi. Rezonatordıń ústingi, ashıq bólegine juqa qaqpaq jawıladı hám ol dástege jalǵanadı. Onıń uzın hám jińishke dástegine 13-17 dana perde baylanadı. Súyek hám sádepten islengen bezew naǵısları oyıp jabıstırıladı. Tarları jipek jiplerden esiledi. Olar Tanovar sózi (kvarta), Munojot sózi (kvinta), Qóshtor sózi (unison)ǵa sazlanadı. Uyǵurlarda duwtar úlkenlew dúziliste, Túrkmenstanda tek oyma (qazba) túri, Xorezmde denesi qabırǵalıq duwtarlar menen birge kólemi kishkene, oyma túrleri de ushırasadı. Duwtar jalǵız hám birgelikte shertiletuǵın saz ásbabı bolıp, sázendeden sheberlikti talap etedi. Duwtar haqqındaǵi dáslepki jazba maǵlıwmatlardı Alisher Nawayınıń zamanlası Zaynulabidin ál-Husayniy “Muzikanıń ilimiy hám ámeliy qaǵıydaları” atlı toplamı (16-babı)nda ushıratamız. 16-17-ásirlerde “Duwtarıy” laqabı menen dóretiwshilik etken (hiratlı Yusuf Mavdudiy Duwtarıy, mashhadlı Mirquliy Duwtarıy sıyaqlı) sázendelerdıń atları dereklerde saqlanǵan. Házirde milliy duwtar atqarıwshılıǵınıń ózine tán usılları 4 tiykarǵı (Andijan, Tashkent, Samarqand hám Xorezm) mektepleri arqalı belgili boladı. 20-ásirde Andijan mektebinen M. Najmiddinov, O. Rustamov, K. Jabborov, Ferǵanada Q. Madrahimov atqarıwında “Nalıw”, “Shopan”, “Andijan sayqalı”, “Túye bozlaq”, “Qostar”; Tashkent mektebi belgili wákillerinen A. Vahobov, F. Sodiqov, M. Yunusov, T. Alimatov, Z. Obidov, S. Yoldoshevlar atqarıwında “Sharab 1, 2”, Tashkent sayqalı", “Tashkent Kurdi”, “Rajabiy 1, 2”, “Gúres”, “Duwtar bayatı”, “Duwtar nawası”; Samarqand mektebi ustazlarınan Hoji Abdulaziz, Qori Siroj Yusupovlar atqarıwında “Gúlazarım”, “Bebakcha”, “Bazurǵanıy”; Xorezm mektebi wákillerinen N. Boltayev, Yu. Jabborovlar atqarıwında “Koradali”, “Aliqambar”, “Saqili Nawa” sıyaqlı namalarda óz sáwleleniwin tapqan. 1970-jılı jeke duwtarda Shashmaqam saz hám qosıq aytıw baǵdarları da keń túrde atqarıla basladı. Ózbek kompozitorlarınan N. Hasanov “Alsha”, F. Sodiqov “Duwtarım”, S. Yoʻldoshev “Dil kúylesin”, Z. Obidov “Taw kúylesin”, O. Qosimov “Jańla sazım” sıyaqlı shıǵarmalardı duwtar ushın jaratqan; duwtar-alt – dástúriy duwtardı 1930-jıllarda qayta islew nátiyjesinde payda bolǵan túri. Tarları kapron (yaki basqa polimer jipleri)nan islenedi. Dástesine xromatikalıq tártipte jaylasqan aǵash yaki súyek perdeleri jelimlep jabıstırıladı. Joqarıda atı atalǵan dóretpeler repertuarınan ózbek kompozitorları tárepinen qayta islengen (garmonizaciyalasqan) xalıq namaları, fortepiano menen birge atqarılǵan shıǵarmalar da orın alǵan. Sol duwtar tiykarında (Ózbek xalıq sazlı orkestrine sáykeslendirip) hár túrli kólemdegi duwtar túrleri (duwtar – bas, duwtar – kontrabas) islendi.

Duwtardıń túrlerine toqtalatuǵın bolsaq;

Duwtar prima duwtardıń kishireytilgen túri. Bunıń qaqpaǵı tut ornına arsha tereginen qılınadı. Perdeler dástesin oyıp xromatikalıq halda biriktirilgen. Tarlar kvarta boyınsha oktavadaǵı (mi) hám (lya) ǵa sazlanadı. Notalar skripka giltinde, esitiliwine qaraǵanda oktava joqarıda jazıladı. Kólemi kishkene oktavadaǵı (mi-lya)dan birinshi oktavadaǵı (sol) hám ekinshi oktavadaǵı (do) ǵa shekem boladı. Duwtarlar toparına tiyisli bul saz ásbabı eń bálent dawısqa iye bolıp, skripka giltinde jazıladı. Eki kapron jipek tarınan ibarat sol saz ásbabı kvarta aralıǵında sazlanadı. Applikatura tárepinen rubap prima girjek ásbabına uqsap atqarıladı. Máselen: pissikato, pirpirek, stakatto h.t.b.

---

[3] Ayımbetov Q. «Xalıq danalıǵı». Nókis. «Qaraqalpaqstan». 1988. – B. 93.

Duwtar primanıń sazlanıwı birinshi tar (tómengi tar) (mi) hám ekinshi tar (joqarǵı tar) (lya) notası. Duwtar primanıń ulıwmalıq dawıs kólemi birinshi oktavadaǵı (mi) notasınan úshinshi oktava (lya) notasına shekem boladı.

Duwtar sekunda túrine kelsek, tazadan islengen duwtarlar toparınna kiriwshi usı duwtar sekunda saz ásbabı, dawıs tárepinen ortasha registrde. Onıń da tarları eki jipek tardan bolıp, kvarta aralıǵında sazlanadı. Sırtqı kórinisi duwtar primadan biraz úlkenlew qılıp islengen, yaǵnıy duwtarlardıń denesi birdey bolıp, dástesiniń uzınlıǵı hár qıylı boladı. Duwtar bas hám duwtar kontrabas saz ásbaplarınıń denesi úlken boladı.

Duwtar sekunda saz ásbabınıń birinshi tarı kishi oktava (lya) notasına, ekinshi tarı kishi oktava (re) notasına sazlanadı. Ulıwmalıq dawıs kólemi kishkene oktavadaǵı (lya) dawısınan ekinshi oktavadaǵı (re) dawısına shekem boladı.

Duwtar bas arnawlı toparı Tashkent mámleketlik konservatoriyasında 1948-jılı ashılǵan bolıp, A. Nazarov usı topardı pitkerip, házirgi kúnde 1960-jıldan berli sol toparǵa saz úyretip kelmekte. Duwtar bas qánigeligi boyınsha atqarıwshılardı tayarlawda dosent A.K.Nazarovtıń xızmeti úlken. Duwtar bas ásbabı ózbek xalıq sazlı  ansamblı quramında bas dawısın bekkemlew ushın xızmet etedi. Usı ásbaptı sázende otırǵan halda atqaradı.

Duwtar bas duwtardıń úlken qılıp islengen túri. Duwtar bastıń tórt dana tarı, bular kvinta boyınsha sazlanadı. Tórtinshi tar úlken oktavadaǵı (do), úshinshi tar úlken oktavadaǵı (sol), ekinshi tar kishi oktavadaǵı (re) hám birinshi tar kishi oktavadaǵı (lya) notasına sazlanadı. Notalar esitiliwi boyınsha, bas giltinde jazıladı. Dawıs kólemi úlken oktavadaǵı (do)dan birinshi oktavadaǵı (sol)ǵa shekem boladı.

Duwtar kontrabas túrin aytsaq, onıń denesi úlken “Qabırǵalar”dan ibarat bolıp, duwtar bastan biraz úlkenlew qılıp islenedi. Dástesi duwtar bas ásbabınan uzınlaw boladı, qulaqları temir metaldan islengen bolıp, qattı, tartıp turıw wazıypasın atqaradı. Duwtar kontrabastıń tarları oǵada qalıń bolıp, orkestrde óziniń juwan bas dawısı menen, páski registr tembrin bekkemleydi. Duwtar kontrabastıń denesine arnawlı tayarlanǵan tayaqsha ornatılıp, otırǵan halda atqarıladı.

Duwtar ushın xalıq arasında arnawlı namalar, ırǵaqlar jaratılǵan. Bulardıń qatarına “Farǵonacha”, “Tanovar”, “Munojot”, “Rohat”, “Jigarpora”, “Dilxiroj”, “Chertmak”, “Shafoat”, “Suvora”, “Qoʻshtor” namaların kirgiziw múmkin.

Belgili duwtarshılar: H.A.Abdurasulov, Abdusoat Vahobov, Davlatoxun Qodirov, Yunus Rajabiyler duwtar shertkeninde adamlar tım-tırıs bolıp, sezimler teńizine shúmer edi. Olardan keyin bolsa, Orif Qosimov, Zokirjon Obidov, Tóxtamurod Rasulov hám basqalar keń jámiyetshilikke málim bolǵan.

Házirde bolsa, xızmet qılıp atırǵan duwtarshılar Ǵulom Qóchqorov, Abdurahim Hamidov, Mirsodiq Ergashev, Rózibibi Hojiyeva, Malika Ziyayeva, Obidjon Odilov, Sulton Qosimov hám basqalardı aytıp ótiw orınlı.[4]

Juwmaqlap aytatuǵın bolsaq, duwtar xalqımızdıń hám qońsı xalıqlardıń kóp jıllar dawamında milliyliginiń bir nıshanına aynalıp úlgergen saz ásbabı. Onda qanshadan-qansha ustazlardıń hám óz gezeginde olardıń islerin dawam etken shákirtleriniń muhabbatı hám biybaha miynetleri jasırınǵan. Ásirlerge gúwa bolıp úlgergen duwtar házirgi kúnde de baqsılar tárepinen shertilip kiyatır hám óz ıqlasbentlerine iye. Sonlıqtan da, keyingi áwlad wákillerine de jetip barıwı sózsiz.

[4] Allamuratov A, Dospanov O, Tulewmuratov G. Qaraqalpaq kórkem-óner atamalarınıń sózligi. “Bilim”. 1991. – B. 21.

### Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Iseeva, A. (2024). DUWTAR-ÓZBEK MILLIY SAZ ÁSBABÍ. B ACADEMIC RESEARCH IN MODERN SCIENCE (T. 3, Выпуск 11, сс. 22–27). Zenodo. https://doi.org/10.5281/zenodo.10902210
2. Iseyev Ruslan Alimjanovich. (2024). CLAUDE DEBUSSY FIRST 12 PRELUDES FOR PIANO. International Journal of Pedagogics, 4(03), 35–43. https://doi.org/10.37547/ijp/Volume04Issue03-07
3. Alimjanovich, I. R. . (2022). Fostering the Concerto-Performance Skills of the Pianist. Pioneer: Journal of Advanced Research and Scientific Progress, 1(6), 91–97. Retrieved from https://innosci.org/jarsp/article/view/651
4. Alimjanovich, I. R. . (2023). Claude Debussy Preludes for Piano. *Procedia of Philosophical and Pedagogical Sciences*, *2*(3), 138–148. Retrieved from https://procedia.online/index.php/philosophy/article/view/505
5. Alimjanovich, Iseyev Ruslan. "Peculiarities of Rhodion Schedrin's Piano Cycles." AMERICAN JOURNAL OF SCIENCE AND LEARNING FOR DEVELOPMENT 2, no. 3 (2023): 6-15.

INNOVATIVE ACADEMY